

1. DI AKINA.

Roesdi ajana di akina teu pisan toemamoe, malah katjida ogona, sabab koe nini akina katjida nakër dioegoeng, sakahajangna ditoeroet, taja noe dipoengpang.

Ari ti benrang rea boedak tatanggana noe matoeran oelin.

Koe akina dibere anak ōmbe hanggala, keur tjotjooanana.

Ari pasosore Roesdi sok dititah ngoeseup koe akina di balong.

Wantoning balong loba laekna, atochi giriwil deui, giriwil deui tawes djeung laek ōmas teh. Ari geus meunang, toeloj dibikeun ka ninina, disina diolahkeun keur dadaharan sore.

Kitoe bae Roesdi oenggal^o poë di akina. oelin djeung barang hakan.

Barang kaliloe-poëna djol titahan ti hapana; mapagkenn Roesdi.

„Naha geus dipapagkenn?” tjek akina.

„Oelah lami teuing, saer ramana ogé,” tjek noe mapagkeun.

„Edas! karek 'ge filoe poë, geus lila teuing.

Heng isoekna, isoek², da ajeuna mah geus beurang teuing, puas.”

„Roesdi! geuning geus dipapagkeun silaing,”
tjeuk akina. „Lain bétah keneh djeung aki?”

Teribal Roesdi: „Paegoh bae bétahna mah, aki! Ngau karoenja koe si Misnän, bisi euweuh batoer oeliana. Bongan bae barcto koe aki teu dibawa ka dicu.”

Isoekna, isoek², tjak Roesdi toempak koeda rek balik.

„Kade bae, bisi ragrag,” omong aki Roesdi.

Pandeurieun koeda, noe nanggoeng soembhoel hari noengtoen ämbé langgala tea.

Kira² poeköel sapoeloh lalumpangna, népi ka hidji desa noe aja sakola desaan.

„Lioe teh baroedak naon rea-rea teuing, mang?”
tjeuk Roesdi ka noe mapagkeun.

„Apan moerid sakola desa, 'Djang, 'ke oerang

eureun di ditoe deukeut sakola, nendjo baroedak sakola aroelin."

Barang népi ka deukeut sakola, toeloej areuren.

2. SAKOLA DESA.

Ti boeboedak keneh oge, Roesdi geus ngadeuge ngaran sakola, tatapi boektina pisan mah kakara njahocun poé harita.

Koe sabab eta manehna katjida hookeunana. rësép nendjokeun rea batoer oelin.

„Euleuh-euleuh, geuning garinding nakér ari moerid mah," tjeuk Roesdi ka goendalna.

„Atoeh poegoch, 'Djang, toeh geuning samingna oge lalaer, dibendo djeung dipotongan, henteu kawas Oedjang bëndélah-bëndélah," tembal uoe mapagkeun. „Naha ari Oedjang aljan ka sakola? Teu kabita koe batoer?"


„Poegoch hae kabita mah, 'mang!" tembal Roesdi. „Tjeuk bapa, taoen hareup koering oge rek disakolakeun."

Bari njarita kitoe Roesdi mah méntjroug hae

ka baroedak kabitaean hajang miloe oelin. Aja
noe maen galah, oeljing-oeljingan, aloeng bojong,
maen bal tjeung roepa² kavelinan noe sedjen.

Ten lila kéléneng, kéléneng, lotjeng disada.

Baroedak laloempatan, kuempoe ka boeroean
sakola; dibariškean koe Goeroena. pek diasoe-
keun deui.



„Naha arasoep deui, mang?” tjeuk Roesdi
ka goendalna.

„Kepan rek diajadjar deui,” tembal goendalna.

Roesdi, tina katjida hajangnana sakola,
loempat ka pipir sakola toeloj nempo tina biñik
noe melongo.

„Eulenh! koetan rësëp ari sakola,” omong Roesdi di djëro atina.

Moerid² dariockna dina bangkoe, gariuding djëng dipikanjaah koe Goeröena.

Roesdi keur tjitjing didinja, ngong aja moerid tëmbang:

„Bocdak tëmboer anoe doesoën,¹⁾
 tëmboeng neangan pangarti,
 hënteu daek ka sakola,
 karësëpna teh ngan oeliu,
 ngangön djeung goejang di sawah,
 atawa ngagiring moending.”

Roesdi loempat ka gandekna, asa diëra-ëra, bari ngadjak hoeroe² balik, rek hebedja ka bapana, bajang geuwat disakolakeun.

„Hajoe atoeh, Oedjang!” tembal goendatna,
 „meungpeung tatjan panas pisan.”

Sadjalan-djadan népi ka hoeroean imahna, cuweuh deni noe ditjaritakenn ka goendalna, ngan përkara sakola bae.

1) Kinanti.

3. BALIK TI PANJABAAN.

Dina poéan Roesdi balik ti panjabaan, si Misuém djeung batoerna keur aroelin di bocroean imahna.

Roesdi djaock keneh, Misuém geus mapag-kenn bari gégéroan: „Kaka Roesdi datang! kaka Roesdi datang! kaka Roesdi datang!”

„Tas ti mana kaka teh? Naha koering teu diadjak?”

„Kapan tas ti aki; Iném teu diadjak soleh bisi mopo, da djaock,” lembal si Roesdi.

„Euleuh-euleuh! eta émbe teh keur koering bae, ka; émbe ti aki ieu teh?” tjeuk Misuém.

Indoeng bapana ngadenge si Misuém tjeukjok, toeloj ka lalocar ti imah. „Euh paigau, da si Oedi datang. Naha sia lila teuing njaba teu, Oedjang?”

„Da eta koe aki djeung koe nini diéngke-éngke bae,” djawab Roesdi.

Indoeng bapa Roesdi djeung haroedak toeloj moeka soemboel kiliriman ti goenoeng.

„Tah, ieu goerame keur bapa, laock émas



keur éma djung teu pais bérénjit keur si Mis-
néni ti nini. Sesana, noe sasemboc! deui, keur
koering kabéh," tjeuk Roesdi.

Bari ngariocng, Roesdi ditanggap tjaritana ti
waktoc indit népi ka balik ti akina.

Auoc pangrame-ramena keur waktoc njarita-
keun sakola desa. Koe manehna ditelek sagala
noe kapanggih, waktoc moerid? aroelin népi ka
waktoc ngadengekeun témbang.

„Na koemaha témbangna teh, 'Djang?'" tjeuk
bapana.

Kabéhéran témbang noe ditémbangkeun koe
moerid sakola desa tea koe Roesdi diapalkeun,
toeloej ditémbangkeun hareupeun kolot-kolotna.

„Teh kitoe, hapa, tĕmbang moerid² di di-
toe teh.

Kabeh moerid-moeridna ka koering marojok.
Koering era diparajok, toeloj lĕmpat boeroe²,
ngadjak halik ka goendal.

Lah genning aja garinding, ari moerid mah;
koering 'ge ajeuna geus bisa dihĕndo kawas
moerid. Na² ari koering moal disakolakeun,
hapa?" omong Roesdi.

„Atoeh poegoeh bae disakolakeun mah, Oe-
djang, ke boclan Sawal," tembal hapana.

Roesdi atohcun pisan rek disakolakeun koe
hapana teh.

Ti harita, oenggal papanggih dĕeung batoer
oelinna, Roesdi sok tjaljarita bae tina pĕrkara
sakola.

4. AJOEN-AJOENAN MONJET.

Roesdi salawasna ingĕteun kench bae kana
monjet² noe basa kapanggih di leuweung, basa
lus kaondangan tea.

Dina hidji poĕ manehna panja ka hapana:

„Bapa! iraha oerang ka katjamatan deui teh?”

„Naha rek naon ka katjamatan, Roesdi?”
tjeuk bapana.

„Koering mah hajang deui neudjo monjet,”
tembal Roesdi. „Geuning rüsép nakër barelo oge,
njalampourkeun, tingterekel kawas djéléma.”

„Atoeh adateu monjet mah sok tingterekel,
da kitoe parantina,” omong Pa Roesdi. „Malah
hapa mah, ari di leuweung, sok manggihan
noe leuwih aneh pisan batan eta.

Hidji mangsa, basa bapa moro ocutjal di
leuweung, di sisi Tjigöde, bapa neudjo pirang²
monjet, ngagarantoeng patjékél-tjékél, ngantaj
di loehoer ka handap.

Panjana bapa, eta monjet² teh keur aroelin
bae, tapi barang geus rada pandjang antajanana,
lain aroelin geuning.

Monjet noe suantaj tea ajoen-ajoenan saboe-
hoereun wahangan tarik pisan, népi ka noe
panghandapna bisa ngahontal kana tangkal kai
peuntaseunana. Monjet noe toengtoeng di handap
moentang kana kai peuntas ditoe. Ari noe pang-
loehoerna, moentang kana kai peuntas dieu.

Sonngéus toengtoeng pada toengtoeng maroen-

lang, eta antajan monjet' leh, kutendjona kawas sasak gautoeng tihang kai bac, hidji beulah dieu, djeung hidji beulah ditoe.

Batoer-batoerna noe kapalandeurian, noe kakara datang ti leuweung, tingjalékroh tingrarindat. Moen kaharti mah ngomongna koe oerang, meureun kieu pokna: „Euleuh-euleuh! koemaha oerang nja meuntas ka henlah ditoe, geus tinggaleun ajoen-ajoenae. Ari njieun deni ajoenan, bét batoerna saeutik teuing, moal mahi.”

Monjet noe di lochoer roendul-rindat deni, hari njékrohan. Meureun Soendana kieu: „Pek geura mareuntas hae ka dieu, aing sarerea ajeuna djadi sasakna.”

Boektina sanggeusing ditjékrohan, maranehanana naraek tingterekel, toeloj ngarorondong, mapaj eta sasak tea. Monjet noe lalantik teu waranieun mareuntas sorangan. Aja noe digandong, aja noe ditungkeup, ditarawa meuntas ka beulah ditoe.

Sadjalan-djalan bari mareuntas rame disarada, lingkaroék, lingjalékroh. Nja meureun kawas djeléma hae, aja noe sicuneuu ragrag, aja noe rəsépun.

Ten lila, sanggeusing uoe mareuntas tea beuk, sot mojel uoe beulah dieu tea ngalesotkeun maneh tina rantajanana, gockjoen ka peuntas beulah ti ditoe. Toeloej taroeroen, ngalesot-lesotkeun maneh tina antajanana, gér ngarajah, narangan kahakanaan peuntas ti ditoe.

Tah kiloc, 'Djang, kianeban mojel uoe gens katendjo koe bapa teh,' omong 'Pa Roesdi.

„Leuh! hajang ténén koering njaho,” tjeuk si Roesdi.

„Heug,” tembal 'Pa Roesdi, „éngke, di mutua bapa moro deui, sia dibawa.”

5. BIBI ROESDI MAOT.


Kira-kira wantji lohor, 'Pa Roesdi djeung anak bodjona keur darioek di tépas hareup, ngareureunan, tjape beuteung barang gawe di kébon.

Ti djalan aja djéléma gagandjungan, leumpangua lémpéng ka imah Roesdi bac. Barang djol ka tépas, ditanja koe 'Pa Roesdi: „Ti mana andika teh, djeung aja naon hedja, hél sémoe raroesoch leuting?”

„Teu noen koering teh dipiwarang njanngakeun sésral koc tocaang raji,” tembal djéléma teh.

Barang dihatja, 'Pa Roesdi ngarandjoeg hari ngoeljar: „Malilahi! Na' teu njana teuing, be-roek Nji Loerah maot, deulen!”

„Saba nae maot teh, bapana?” tjeuk indoeang Roesdi.



„Nji Loerah, enj!” djawab 'Pa Roesdi.

'Ma Roesdi katjida kageleunana, olobok bari nepakan horigoc.

„Kapan mangkoekna babarèngan djieung koc-ring ka pasar, djéléma djagdjag waringkas pisan.”

„Heneuh,” tjeuk 'Pa' Roesdi, „kami oge mangkoekna papanggih di sawah.”

"Pa Roesdi nanja ka noe mawa soerat: „Naon kasakilna Nji Loerah teh, euj?"

„Parantos doea diutën teu damangan mah, kasawatna njëri angëu, noen," djawab noe mawa soerat teh.

Roesdi djeung Misbëm naranja ka bapana: „Moal hiroep deui ari noe geus pael, bapã?"

„Hih, sinoenggoeing ari boedak, disëhoet pael oge moal atoeh," tembal bapana. „Liajoe atoeh, manehna, oerang ka ditoe."

Sanggeus sasadiaan, djoeng Pa Roesdi saanak bodjona arindit ka noe maot teu.

Barang datang, njampak geus pirang² djëlëma, keur babantoe sagawe gawena: noe ngoeroes padoeng, noe ngoeroes pasaran djeung rea-rea deui gawena, koemaha biasana di noe maot bae.

Baroedak, anak-anakna Nji Loerah, raong tja-reurik. Koe bibi-bibina djeung koe baraja-barajana noe sedjen bantën: diarcepahan nëpi ka rarepehna.

Sanggeus oepak-anikna beres sarta majilna geus disafatkean, djoeng digotong ka astana, dikocboer koemaha biasa. Barang geus salse, broel djëlëma noe ti astana ka lëmboer deui, toeloej hadjal njoesoer tanah.

Sabada hadjar, noe sawarah maroelang, noe sawarah deui mentosan beberes di imah Loerah tea. Pasosore Pa Roesdi djeung anak-anakna maroelang.

Di djalan Roesdi nanja ka bapana: „Bapa! Na' maet eungapeun bibi teh, dioeroegan koe taneuh?”

„Hih, ari Oedjang, kapan geus paeu bibi sileung teh. Tara aja kacungap atoeh noe paeu mah, eungap seteh orang, noe hircep. Pek ka diloe, geura troelin. Engke, ari geus boerit orang ka mang Loerah deui, ngaden mondok!”

6. DIADJAR NOELIS.

Roesdi njahocunana sakola desa ajeuna mah miudeng pisan. Mingguo toekang, basa djeung bapana tas ngalongok akina ti goenoeng, manehna ngaliwat deui ka eta sakola. Waktuo manehna balik, sadjalan-djalan ngomong bae ka bapana koe hajang geura disakolakeun.

Datang ka imahna, Roesdi nanja: „Bapa! imaha koerang sakola teh?”

Tembal hapana: „Atoeh ari asoep sakola mah poegoch waktoena, hēnteu kawas' noe ngadji. Moerid onjar, noe mimili asoep, salawasna koedoe boelan Sawal, ari ajeuna kakara boelan Djoemaditahir, djadi népi ka waktoena asoep tiloe boelan deni. Éngke, dimana' geus tiloe boelan, Oedjang dibawa deni ka sakola. Ajeuna mah koedoe diadjar dihēndo, disamping djeung hārsaka bae henla, soepaja ari asoep djadi moerid, kari boes bae, hēnteu njingsal ti moerid noe geus lila. Ari ti beurang oelah sok oelin teuing, anggoer diadjar noeis, aubeh uloes aksara.”



Omongan hapana dūtoeroetkeun pisan koe Roesii, isock² geus hoelang, loeloej dangdan. Geus dangdan gek dieek di hareup hari toetoe-

lisan. Meueh noelis njokot kérélas salambar
djeung mangsi anoe bapana. Sok kérélasna
diamparkeun dina samak. Roesdi toeloej ngada-
pang, tjlom tjeroekna dian(tj)lomkeun kana wa-
dah mangsi. toeloej ditjoerat-tjoretkeun kana
kérélas.

Ari geus pinoeih kértasna ditoclesan, toeloej
koe aréng dina panto djeung dina bilik. Ari
keur sidoeroe, tarang hawoe djeung sceug pi-
noeh ditjoerat-tjaret djeung digambaran, wawa-
jaugan djeung salian ti eta. Beubeumanganana
toelas-toelis sok ditocdoehkeun koe. Roesdi ka
kolot-kolotna, sina dibatja.

Kolot-kolotna atokeun pisan nandjo beubeu-
nangan Roesdi.

Koe éma Roesdi kérélas noe beunang njoe-
rat-njaret tea, sok ditembongkeun ka noe nga-
randjang, hari kieu omongna: „Oedjang Roesdi
teh geus bisa noelis ajeuna mah! Tah, beubeu-
nagna sakitoe aloesna!”

Roesdi atokeun pisan ari ditembong-tembong-
keun beubeumanganana teh, pikiranana asa geus
bisa bac noelis noe saénjana.